



Boston Children's Hospital

Where the world comes for answers



**HARVARD MEDICAL SCHOOL
TEACHING HOSPITAL**

Pwogram Dyabèt
300 Longwood Avenue, Boston, MA 02115
617-355-6000 | bostonchildrens.org

Chè fanmi,

Pwogram Tretman Jounen ki gen rapò ak Dyabèt la, ki chita nan kanpis prensipal Boston Children's Hospital (bilding Farley a, sou 8yèm etaj la), bay bon kalite swen pou dyabèt pou timoun yo ak fanmi yo. Objektif pwogram nou an se pou asire fanmi yo aprann kijan pou yo jere dyabèt nan yon anviwònman ki gen sekirite ak favorab.

Ekip enfimye k ap bay fòmasyon sou dyabèt, nitrisyonis, travayè sosyal, enfimye, ansanm ak pèsònèl espesyalis òmonn nou genyen yo pral kolabore ansanm ak fanmi ou pou ede ou konprann swen dyabèt la epi asire ou genyen tout materyèl edikatif yo, fòmasyon sou konpetans, ak materyèl ou gen bezwen yo. **Yo pral fòme ou nan kad Pwogram Tretman Jounen ki gen rapò ak Dyabèt.**

Fèy fòmasyon fanmi nou genyen sou Pwogram Trètman Jounen an ki gen rapò ak Dyabèt pral ba ou enfòmasyon detaye ou bezwen pou vizit sa yo. Kantite jou ou pral pase yo se selon rezon yo te refere ou nan Pwogram Trètman Jounen ki gen rapò ak Dyabèt la. Pou plizyè fanmi, se pral de (2) jou youn dèyè lòt.

Pandan moman ou nan Pwogram Trètman Jounen ki gen rapò ak Dyabèt la, ou pral resevwa fòmasyon, vin gen konfyans, epi adapte ou ak tout nouvo woutin, pandan w ap rete an kontak sere ansanm ak Ekip Dyabèt Boston Children's Hospital.

Ou kapab fè sa a, epi nou la pou ede!

Ekip dyabèt Lopital Boston Children's

Family Education Sheet

Pwogram Trètman Jounen Dyabèt



Boston Children's Hospital

Where the world comes for answers

View more health education materials at
www.bostonchildrens.org/familyeducation

Fèy sa a eksplike kijan pou planifye premye vizit ou an nan Pwogram Tretman Jounen ki gen rapò ak Dyabèt (**Diabetes Day Treatment Program, DDTP**).

Pwen enpòtan yo

- Asire ou vini ansanm ak kat asirans/avantaj ou genyen yo.
- Pa bay pitit ou an manje oswa bwè anyen ki gen anpil sik avan vizit ou an.
- Ou dwe mete nan tèt ou pou rete nan DDTP a jiska 8 èdtan pandan Jou 1 fòmasyon an.

Kiyès ki dwe ale nan vizit Trètman Jounen Dyabèt yo?

Pitit ou an ansanm ak ou menm antanke paran (yo) epi/oswa lòt granmoun ki se responsab swen prensipal la dwe vini nan seyans edikasyon ak fòmasyon.

A kilè vizit nou an ye?

Tanpri rive nan DDTP a apati 8:00 AM nan jou _____ (dat) pou Jou 1 nan fòmasyon sou dyabèt ou an.

Vizit Jou 2 a, yo pral planifye li pou lòt jounen an.

Kote pou nou ale?

DDTP chita nan kanpis prensipal Boston Children ki nan kanpis ki nan building Farley a, sou 8yèm etaj la. Antre nan koulwa prensipal lopital la ki nan 300 Longwood Avenue. Nimewo telefòn nou genyen an se: 617-355-6235.

Kisa mwen bezwen fè avan mwen ale nan vizit la?

Li enpòtan anpil pou nou genyen enfòmasyon sou avantaj asirans/famasi ou an pi rapid sa posib pou kòmanse ak pwosesis pou jwenn materyèl ou yo. Tanpri pote tout kat asirans/avantaj ou genyen lè w ap vini nan vizit ou an. Si sa posib, tanpri voye foto devan ak do kat avantaj asirans sante ak famasi ou yo **lavèy Jou 1 fòmasyon ou an** nan:

EndocrineDiabetesPA@childrens.harvard.edu.

Ki lòt bagay mwen bezwen konnen?

Tanpri pa bay pitit ou an manje oswa bwè anyen ki gen anpil sik avan vizit Jou 1 ou genyen an. Pwogram Pèfizyon ak Tretman Pandan Lajounen an, ki chita kò l nan bilding Farley 8yèm etaj, pral sèvi ou baz lakay ou pou pwochen jou fòmasyon ou yo sou dyabèt. Nou pral pitit ou an manje ak kolasyon pandan vizit ou an. Ou dwe mete nan tèt ou pou rete nan DDTP jiska 8 èdtan pandan Jou 1 an. Nou pral genyen kèk jwèt, liv pou kolorye, travay manyèl ki disponib pou okipe lespri timoun ou an pandan sesyon ansèyman yo. Ou ka vini ak liv oswa jwèt ki pòtab.

Kisa pou mwen fè si pitit mwen an grangou avan nou rive?

Nou pral bay pitit ou an manje maten nan DDTP. Après li dwe rete tann pou nou ba li manje ankò. Si pitit ou an pa kapab rete tann pou li rive nan lopital la, ou kapab ba li yon kolasyon ki pa gen anpil sik ladan li.

Si mwen genyen kesyon kiye pou mwen ka rele?

Rele nan 617-355-6369 epi mande pou pale ak espesyalis òmonn lan (si ou deja genyen youn (1) oswa **espesyalis òmonn ki an sèvis** la (si ou se yon nouvo pasyan) si pitit ou an ap vomi (rejte), oswa santi li malad avan Jou 1 ansèyman an, oswa si ou genyen kesyon medikal ki ijan. Si ou rantre lakay ou aprè ou fin sòti nan sal ijans, sa kapab ede ou pou genyen enfòmasyon ki anba la si w ap rele espesyalis òmonn ki an sèvis:

Pitit mwen an te resevwa medikaman sa yo kont dyabèt pandan li te nan sal ijans lan:

_____ te resevwa li apati _____ AM/PM nan jou _____ (dat).

_____ te resevwa li apati _____ AM/PM nan jou _____ (dat).

N ap tann pou n wè avèk ou!

Family Education Sheet

Pwogram Trètman Jounen Dyabèt



Boston Children's Hospital

Where the world comes for answers

View more health education materials at
www.bostonchildrens.org/familyeducation

Fèy sa a ap bay plis detay sou sa a ou dwe atann pandan vizit ou a nan **Pwogram Jounen Tretman ki gen rapò ak Dyabèt (DDTP)** la.

Kisa dyabèt ye?

Dyabèt se yon maladi medikal kwonik (ankou). Moun ki fè dyabèt, yo pa kreye ase ensilin oswa pa kapab itilize ensilin kò yo ap kreye. Avèk swen epi tretman, moun ki fè dyabèt yo ap viv yon lavi konplè ak ekilibre. Nou pral ba ou edikasyon ou genyen bezwen yo pou byen viv ak dyabèt, tankou kijan pou kontwole nivo glisemi a epi ba li enjeksyon ensilin.

Kiyès ki nan ekip dyabèt lan?

Ekip swen sante nou genyen an pral fè patenarya ansanm ak ou pou anseye ou kijan pou jere dyabèt ou genyen an lakay ou. Ekip swen sante ou an genyen ladan li:

- Doktè espesyalis dyabèt
- Travayè sosyal
- Enfimyè k ap anseye sou dyabèt
- Enfimyè espesyalize nan fanmi/pedyatri
- Nitrisyonis kalifye
- Espesyalis nan kesyon lavi timoun
- Enfimyè kalifye
- Konsiltan nan kesyon Dyabèt

A kisa pou mwen atann mwen k ap rive nan vizit Pwogram Trètman Jounen ki gen rapò ak Dyabèt la?

Egzanp orè Pou Jou 1 an:

- **08:00 am**

Fini ak pwosesis anrejistreman an epi kòmande manje maten.

- **8:30 am – 09:30 pm**

Gade pwogram jounen an, pran manje maten epi patisipe nan aprantisaj kont dyabèt sou sipèvizyon yon enfimyè diplome.

- **9:30 am – 16:00 pm**

Rankontre ak ekip dyabèt la epi patisipe nan seyans edikasyon yo ansanm ak nitrisyonis la, travayè sosyal la epi enfimyè k ap bay fòmasyon an. Patrisipe nan tout aktivite ki gen rapò ak dyabèt yo pandan moman manje an, sou sipèvizyon yon enfimyè diplome.

Lè pwogram lan fini, ou pral:

- **Rankontre** tout manm Ekip Dyabèt yo.
- **Aprann/rewe** konsèp debaz swen dyabèt yo, konpetans debaz kont dyabèt, ansanm ak objektif jeneral ak endividyèl nitrisyon yo.
- **Li** manyèl fòmasyon kont dyabèt yo, baz swen dyabèt ak nitrisyon yo, pwogram nan kay pou chak jou, materyèl pou kay, ansanm ak medikaman.
- **Planifye** randevou suivi kont dyabèt.
- **Resevwa** enstriksyon (swen nan kay) sou egzeyat yo epi yon plan medikaman pou lekòl oswa kan, si sa nesesè.



Èske genyen plis enfòmasyon sou dyabèt mwen kapab li avan premye vizit nou an?

Eskane kòd QR ki anba la pou konsilte Fòmasyon pou Pasyan sou Dyabèt: Yon Gid pou Pasyan yo Wè ki Fenk Gen Dyabèt yo